**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм фокIадэм и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №185-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2022 гъэм накъыгъэм и 31-м*** ***Налшык къалэ №129-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ 2022 гъэм псэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр гъэувыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2021 гъэм фокIадэм и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №185-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и етIуанэ абзацым хэт «сом 13540-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 14759-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 11644-рэ, сабийхэм папщIэ - сом 14368-рэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «сом 14894-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм папщIэ - сом 16235-рэ, пенсионерхэм папщIэ - сом 12808-рэ, сабийхэм папщIэ - сом 15805-рэ» жиIэу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI** **МУСУКОВ Алий.**

# Лэжьыгъэм хуэIэижьу

**Сэбаншы Розэ Тэрч районым хыхьэ Мэртэзей къуажэм къыщалъхуащ. Зауэм зеиншэ ищIа сабийхэм ар ящыщти, абыхэм папщIэ Налшык дэта республикэ школ-интернатым щеджащ, лэжьыгъэм пэрыуващ илъэс 18-м иту. Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и аппаратым хэту иригъажьэри, Зеикъуэ Iэпхъуа нэужь, комсомолхэм я райкомым щылэжьащ, япэ щIыкIэ учетымкIэ къудамэм и унафэщIу, иужькIэ - етIуанэ секретару.**

1953 гъэм Сэбаншыр ягъэкIуащ комсомолым и Налшык къалэ комитетым и етIуанэ секретару. 1954 гъэм партым и обкомым ар еджакIуэ егъакIуэ Краснодар щыIэ парт школым, къеухри, комсомол лэжьыгъэм пэроувэж. КъБАССР-м и комсомолым и обкомым и етIуанэ, иужькIэ япэ секретару хахауэ щытащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, абы къиухащ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэр. 1963 гъэм Сэбаншы Розэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я советым и унафэщIу. А IэнатIэм ар пэрытащ илъэс 23-кIэ. А зэманым республикэм зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтащ курортым, туризмэм, спортым. ВЦСПС-м профсоюзхэм яхухиха ахъшэр ухуэныгъэшхуэхэм халъхьауэ щытащ. Апхуэдэхэщ «Грушёвая роща» пансионатыр, «Нарт» хьэщIэщыр. Iуащхьэмахуэ лъапэ щаухуащ хьэщIэщхэмрэ кIапсэ гъуэгухэмрэ.

Совет Союзым и профсоюзхэм къабгъэдэкIыу Сэбаншыр хэтащ дунейпсо зэхыхьэ зэхуэмыдэхэм, ВЛКСМ-м и съездитIым, профсоюзхэм я 4, 5-нэ съездхэм, КПСС-м и XXI - XXIII съездхэм.

1993 гъэм Розэ къызэригъэпэщащ «Горянка» газетыр. Илъэс 13-кIэ абы и редактор нэхъыщхьэу щытати, газетым щIэупщIэ иIэу къекIуэкIащ.

Сэбаншы Розэ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэру зэрыщытам и щыхьэтщ «Лэжьыгъэм и Бэракъ плъыжь», «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъыр къызэрыхуагъэфэщар.

Розэ ящыщщ пщIэ иIэу IэнатIэ зезыхьэфахэм. ЗэрылэжьакIуэшхуэм, зэрыжыджэрым папщIэ фIыщIэ къыхуащIу, «Илъэсым и цIыхубз» цIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

**МЫРЗЭКЪАН Дисэ.**



# Дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэтщI гулъытэ

**1972 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Швецием и къалащхьэ Стокгольм щызэхэтащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи чэзу зэхуэс. Абы щытепсэлъыхьащ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ мыщхьэпэу арэзы узытехъуэнкIэ Iэмал зимыIэхэм. ЩIыуэпсым и щытыкIэм кIэлъыплъыным хуэгъэза япэ прог-раммэу (ЮНЕП) къэрал куэдыр иужькIэ арэзы зытехъуар щызэхалъхьари абы щыгъуэщ.**

АБДЕЖЫМ къыщегъэжьауэ, мэкъуауэгъуэм и 5-р Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и махуэу ООН-м хыхьэ къэрал псоми къыщалъытащ. Зы гъэ къэмынэу, ар щагъэлъапIэ къэрали 100-м щIигъум.

ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ и щытыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ хуэунэтIа лэжьыгъэхэр Урысей Федерацэм щрагъэкIуэкI а пIалъэм, 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ, «Экологым и махуэкIэ» йоджэ.

Мэкъуауэгъуэм и 5-м, хабзэ зэрыхъуауэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм гулъытэ хэха хуэщIыным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр дэнэ лъэныкъуэкIи щрагъэкIуэкI: къалэ уэрамхэм лъакъуэрыгъажэм дихьэххэр щызэхуашэс, зыгъэпсэхупIэ хадэхэм щIыуэпсым и щытыкIэм щыгъуазэ уахуэзыщI гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуах, курыт школхэм концертхэр, зэпеуэхэр къыщызэрагъэпэщ, зи гугъу тщIы Iуэхум еджакIуэхэр трагъэтхыхь, ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм жыгыщIэхэр дэнэкIи щыхрагъасэ, пхъэнкIийхэр зэщIрагъакъуэ.

Экологым и махуэр псом япэу зыгъэлъапIэр цIыхубэр арами, къэрал куэдым я политикхэми абы гулъытэ хэIэтыкIа хуащI, дыкъэзыухъуреихь дунейм дыхуэсакъын зэрыхуейм жылагъуэр къыхураджэу, хузэщIагъэуIуэу...

- Амазонкэм псыIагъэр щебэкI и мэзхэм ди планетэм и атмосферэм хыхьэ кислородым и Iыхьэ тхуанэм щIигъур къат.

- Швецием и Правительствэм зэхигъэува программэ «гъэщIэгъуэным» лэжьэн зэрыщыщIрагъадзэрэ, а хэкум, зы илъэс къэмынэу, адрей къэралхэм щызэщIакъуэу, кIэрыхубжьэрыхуу тонн 80-м нэблагъэ ирашалIэ. А щIыналъэм апхуэдэ «тыгъэ» нэгъуэщI хэгъэгухэм къащIыIрихым щхьэусыгъуэ иIэщ: пхъэнкIий-кIэрыхубжьэрыхухэр щагъэсыжкIэ электрокъару къызэрыхагъэкIыф технологие къызэрыщагупсысарщ.

- США-м щыпсэухэм «къащыдэхуэ» пхъэнкIийхэм я зы процентыр сабий цIынэхэм кIэлъызэрахьауэ щыхыфIадзэжа подгузникхэращ. Мыхьэнэншэу къэлъытэгъуафIэ а Iуэхум кърикIуэр аращи, ахэр щIым щыхэсеежыр илъэс 250-рэ дэкIа иужькIэщ.

- Хы Хуэм зи фIэщыгъэ псы итыпIэ абрагъуэм ищхъэрэкIэ гъэза и Iыхьэм, псори зэхэту, километр зэбгъузэнатIэу мелуан 1,5-м нэблагъэм щоуфафэщоуфэразэ Азиемрэ Америкэмрэ я къэралхэм пластикым къыхэщIыкIа я кIэрыхубжьэрыхуу тонни 100 хуэдизыр. Мы иужьрей Iуэхури, зэрыгурыIуэгъуэщи, икъусикъужкIэ ухэзыгъаплъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Фэеплъхэми нэсынущ

**Налшык къалэ унафэщIхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэ ди республикэр илъэсищэ щрикъум зэIузэпщу IущIэным.**

ДИ щыхьэрым хуэдэу ягъэдэха Кавказ Ищхъэрэм къыщыгъуэтыгъуейщ. «Горнэ» хьэблэм къыщыщIэдзауэ «Искож»-м нэсыху зыгъэпсэхупIэ паркрэ лъэс зекIуапIэу куэдыкIей щыIэщ, абыхэм ящыщ куэдыр иджырей мардэхэм тету зэIузэпщ ящIащ.

ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм къыщрахьэлIэ лэжьыгъэхэми пащэ зэпытщ. Паркым и лъэс зекIуапIэхэмрэ гъуэгухэмрэ къищынэмыщIауэ, а щIыпIэм и мащIэкъым тхыдэм и фэеплъу къэна скульптурэхэри. Абыхэм я нэхъыбэр и IэдакъэщIэкIауэ щытащ скульптор цIэрыIуэ Монин Леонид. Псалъэм папщIэ, парк ихьэпIэм пэмыжыжьэу щыт анэмрэ сабиймрэ я фэеплъыр, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм узэрихьэ щIэкIыпIэ аркэхэм асльэныщхьэ теплъэ яIэу хэт псыутхышхуэхэр... Абыхэм иджыри зы къахэхъуэжынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



# IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лIыкIуэ гуп иджыблагъэ Тулэ щIыналъэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ. Тулэ щIыналъэм и унафэщIхэм ирагъэблэгъа гупым хэтащ КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэрэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ IуэхухэмкIэ проректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэшыр Светланэрэ. Ахэр къэралпсо мыхьэнэ зиIэ, «Тензограф» жыхуаIэ промышленнэ IуэхущIапIэшхуэм щыIащ икIи абы и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм щыгъуазэ зыхуащIащ. «Тензограф» IуэхущIапIэмрэ КъБКъУ-мрэ я унафэщIхэр ирипсэлъащ полимер пкъыгъуэ зэхэтхэм къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къыщIэгъэкIынымкIэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэр зэраубзыхунум, зэпыу имыIэу ар зэрызэтрагъэувэнум, лъэныкъуитIми я жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэм къыхалъхьэ проектхэр зэрыхуагъэлэжьэнум.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ икIа гупым «Тензограф» промышленнэ IуэхущIапIэм зыщиплъыхьа нэужь, Тулэ дэт къэрал университетым зэIущIэшхуэ къыщызэрагъэпэщащ. Абдеж нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьари лъэныкъуитIым я зэдэлэжьэкIэ хъунурщ, КъБР-ми Тулэ щIыналъэми я фейдэ къызыхэкIын Iуэхугъуэхэр нэхъыбэ зэращIынум и Iэмалхэрщ.

«КъБКъУ-р 2021 гъэ лъандэрэ «ТулаТЕХ» щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и лэжьыгъэм хэтщ. Абы и къалэнхэм хохьэ 2025 гъэм ирихьэлIэу дунейпсо мардэхэм къакIэрымыху, зауэ хуэIухуэщIэхэм, жылагъуэ Iуэхугъуэхэм, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыбгъэсэбэп хъуну Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къэзыгъэщI, зэпкърызылъхьэ икIи къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэ къызэIухыныр. Тулэ щIыналъэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ промышленнэ IуэхущIапIэхэмрэ зыбжанэ лъандэрэ къыщIоупщIэ КъБКъУ-м и къэхутэныгъэхэм, утыку кърихьэ проектхэм. Псом хуэмыдэу щIэупщIэ яIэщ фармацевтикэм, медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ техникэмрэ я щIыным къыщыбгъэсэбэп хъуну полимер пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. КъБКъУ-м куэд щIащ полимер къэхутэныгъэхэмкIэ пашэныгъэр зэриубыдрэ. Иджы а къэхутэныгъэхэр гъащIэм хэпщэным, зыхуэныкъуэ IэнатIэхэм я щхьэпэ егъэкIыным хуэунэтIауэ зэпсэлъэныгъэхэри зэIущIэхэри идогъэкIуэкI. ЗэIущIэм дэ дыщрипсэлъащ КъБКъУ-м Тулэ щIыналъэм щыIэ промышленнэ IуэхущIапIэхэм щылэжьэн IэщIагъэлIхэр зэригъэхьэзырынум, КъБКъУ-м къыщIигъэкI технологиещIэхэр а IэнатIэм зэрыхалъхьэнум. Ди деж зы псалъэ дахэ щыIэщ: IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жаIэри. Арыххэуи, лъэныкъуитIыр дызэрызэдэлэжьэнум, щхьэж и IуэхукIэ зыхуейр зэрыIэрыхьэнум мы лъэхъэнэм догупсыс. ГурыIуэгъуэщ, ди щIыналъэхэм я мызакъуэу, къэралым ди зэдэлэжьэныгъэм и фейдэ зэрыхэлъыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, КъБКъУ-м и къэхутэныгъэхэр «Пкъыгъуэбэ губгъуэм» къигъэув Iуэхугъуэхэм зэрыхэувэну щIыкIэхэм я гъуэгур доубзыху», - жиIащ КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Алътуд Юрэ.

«Пкъыгъуэбэ губгъуэ» зи фIэщыгъэ щIэныгъэ-технологие центрыр къызэгъэпэщыным теухуауэ УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаил щIышылэ мазэм Iэ зыщIидзауэ щыта унафэр Тулэ щIыналъэм лэжьэн щыщIидзэнур 2023 гъэрщ. А унафэм ипкъ иткIэ щIыналъэм и промышленнэ IуэхущIапIэхэм я щIэныгъэ лъабжьэм зегъэубгъун, къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкI IуэхущIапIэхэмрэ щIэныгъэлI щхьэхуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэм хьэкъулэр зэрыщхьэщах Iэмалхэр къэгъуэтын, къэхутэныгъэхэм гъуэгу езыт, гъащIэм хыупщэну хуит зыщI щыхьэт тхылъхэр къахудэхын, зэи щымыIауэ къагъэщIа Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я жыпхъэхэр гъэхьэзырауэ адэкIэ уэру къызэрыщIагъэкIын хэкIыпIэхэр нахуэ щIын хуейщ.

«КъБКъУ-м дызэрыдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр, къапщтэмэ, «Лэжьыпхъэхэр-2030» къэрал программэм ипкъ иткIэ Тулэ къэрал университетым зэхигъэува «Пкъыгъуэбэ» проектхэм и къалэнхэм тохуэ, къызэдгъэпэщ ЩIэныгъэ-технологие центрым зыхуигъэувыж пщэрылъхэм йотIасэ. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэ хъунур 2022 гъэм накъыгъэм и 25-м ирихьэлIэу зи хъыбар къатыну грант зэхьэзэхуэм дызэрыхыхьэнурщ. Зэхьэзэхуэр хуэунэтIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI университетхэр мылъкукIэ къызэгъэпэщыным, лабораторэщIэхэр къызэIухыным. Абы къищынэмыщIауэ, ди университетхэр «ТулаТЕХ» щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и лэжьыгъэм зэдыхэтщ, проектыщIэхэр утыку кърахьэнуи хьэзырщ», - жиIащ Тулэ къэрал университетым щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор Воротилин Михаил.

ЗэIущIэр зэфIэкIа нэужь, КъБКъУ-м икIа гупыр Тулэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Федорищев Вячеслав и унафэм щIэту къызэрагъэпэща зэхуэсым ирагъэблэгъащ. Абдеж лъэныкъуитIми иригъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм унафэ пыухыкIахэр щытращIыхьащ, КъБКъУ-мрэ Тулэ щIыналъэм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ промышленнэ IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэр яубзыхуащ.

**ТАБЫЩ Мурат.**

# Къызэрежьэрэ куэд щIакъым



**Мэкъуауэгъуэм и 8-р Хыхэм я дунейпсо махуэу илъэс къэс гъэлъэпIэныр япэ дыдэу къыщыхалъхьар дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIа къалэнхэр зыхуэдэм теухуауэ 1992 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа къэрал зэхуаку зэхуэсышхуэрщ.**

А ЖЭРДЭМЫР даIыгъащ адрей къэралхэми. ИкIи, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2008 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым къыщыщIэдзауэ, зи гугъу тщIы махуэм гулъытэ хэIэтыкIа щыхуащI хъуащ ди планетэм и щIыпIэ куэдым. Апхуэдэ щIыкIэм тету Iэмал къыкъуэкIащ хыхэм яхуэсакъын, ахэр хъумэн зэрыхуейм цIыхухэр егъэгупсысынымкIэ.

ИпэжыпIэкIэ, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щытыкIэм иту къызэтегъэнэнымкIэ хыхэм ягъэзащIэ мыхьэнэр ин дыдэщ. КъедбжэкI хъумэ, абыхэм япсхэращ хьэуам хэзэрыхьа фIейр (углекислэ газыр, заводхэм къадэхуэ гъуэзыр, нэгъуэщIхэри) куэду зыщIэзышэр, цIыху мелардищым хуэдизым къагъащIэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, зыхуэдэнур хым къыхахым (бдзэжьейхэм, къэкIыгъэхэм, псырыкIуэ псэущхьэхэм) елъытащ.

Пэжщ, цIыхум хы щхьэфэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм кIуэ пэтми зэрызыщаубгъум, зэрызыщаужьым я зэранкIэ, бдзэжьей лIэужьыгъуэ куэдыр, псэзэпылъхьэпIэ зэрихуам къыхэкIыу, кIуэдыжыпэным хуэкIуащ, я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыкIэрыхур апхуэдизу нэрылъагъущи. КъедбжэкI хъурэ зэхэтлъхьэжмэ, дунейпсо хым и процент 40-м нэблагъэм зэран яхуэхъуакIэщ цIыхухэр. Ари къыщIэкIащ гудзакъэ зиIэ псори зэгупсысыпхъэ гуныкъуэгъуэшхуэхэм ящыщ зыуэ.

Дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм щыуфафэ хышхуэхэм я бжыгъэр 4-щ зэрыхъур. Абыхэм я зэхэлъыкIэми, я зыхъуэжыкIэр зыхуэдэми океанологхэри, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ. ГъэщIэгъуэныр арати, еджагъэшхуэхэм ноби хыхэм къыщахутэ иджыри къыздэсым дызыщымыгъуазэу къыддэгъуэгурыкIуа къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ псырыкIуэ псэущхьэхэмрэ. А псом къапытщэу шэч къызытедмыхьэжыр арати, ЩIы Хъурейм и плIанищыр зыIыгъ псы хъумапIэ гъуэзэджэхэр, дахэкIейхэр яхуэтхъумапхъэщ дяпэкIи къэунэхуну ди щIэблэхэм.

Еджагъэшхуэхэм хыхэр джыным псом хуэмыдэжу къару ин дыдэ ирахьэлIэ щыхъуар иужьрей зэманырщ. Дызэрыщыгъуазэщи, зи гугъу тщIы псы хъумапIэшхуэхэм я щIэр здынэсыр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къахутащ. Ди планетэм тет псы псоми я нэхъ куу дыдэу къыщIэкIар Хы Щэхум хэт хытIыгухэм ящыщу «Мариан Ищхъэрэхэр» зи фIэщыгъэм япэгъунэгъу Мариан уэхырщ - зи лъащIэр километр 11-кIэ псы щхьэфэм пэIэщIэрщ. Езы Хы Щэхум и цIэр къызытехъукIари гъэщIэгъуэнщ. ФIэщыгъэ дахэу ноби къалъытэмкIэ абы «хуэупсар» 1519 - 1522 гъэхэм ди планетэм и хъуреягъыр, зэрыщыту, псом япэу кхъухькIэ зэлъэзыгъэIэсауэ щыта Магеллан Фердинандщ, зи цIэкъитIуа хы абрагъуэм зэрытета зэман кIыхьым къриубыдэу, абы и псыр къэукъубеяуэ зэи зэримылъэгъуам къыхэкIыу.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Илъэси 8 - 17-м ит сабийхэр зиIэ унагъуэхэм дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэр

**Мы дэIэпыкъуныгъэр ягъэуващ УФ-м и Президент Путин В. В. и жэрдэмкIэ («Сабий зиIэ унагъуэхэм мазэ къэс ират ахъшэ дэIэпыкъуныгъэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэка Указ 175-рэ). А дэIэпыкъуныгъэр зыхуэфащэхэм яхуэгъэувынымрэ етынымкIэ лэжьыгъэр зэрызэтрагъэувам топсэлъыхь Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Бакъ Николай.**

- ИЛЪЭСИ 8 - 17 зи ныбжь сабийхэр зэрыс, хэхъуэшхуэ зимыIэ унагъуэхэм накъыгъэм и 1-м щыщIэдзауэ лъэIу тхылъхэр ятх зыхуэфащэ дэIэпыкъуныгъэ мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ кърατын папщIэ. ЛъэIу зытхахэм икIи дэIэпыкъуныгъэм хиубыдахэм зэуэ мазитIым - мэлыжьыхьымрэ накъыгъэмрэ - я ахъшэр иратыж. Апхуэдэу зыхуэфащэ дэIэпыкъуныгъэр мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ иратыж 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м фIэмыкIыу лъэIу тхылъыр зытахэм, ДэIэпыкъуныгъэ кърατынымкIэ хуитыныгъэ нэхъ иужькIэ зыгъуэтахэми (сабийм и ныбжьыр илъэси 8 зэрырикъуам къыхэкIыу) я ахъшэр хуагъэув апхуэдэ хуитыныгъэ щагъуэта пIалъэм щегъэжьауэ.

Мы Iуэхур щIэгъэхуэбжьауэ Урысейм и Пенсэ фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм хэIущIыIу ящI. Абыхэм жэуап зэпкърыхахэр ират щIыналъэ центрым щагъэува 8-800-800-01-84 телефонымкIэ къэпсэлъахэр зыщIэупщIахэм.

Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ къэрал, муниципальнэ IуэхутхьэбзэхэрзэфIэзыгъэкI центрхэмрэ зэрызэгурыIуам ипкъ иткIэ мы дэIэпыкъуныгъэм щIэлъэIухэм я тхылъхэр МФЦ-м и IуэхущIапIэ псоми къыIах. Иджыпсту канал куэд хъу телефонхэр щолажьэ Пенсэ фондым и IуэхущIапIэхэм, КъБР-м щIыналъэр зехьэнымкIэ и центрым (ЦУГ), Урысейм НалогхэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм. Апхуэдэу мы ахъшэ дэIэпыкъуныгъэр зэрат щIыкIэм цIыхухэр нэхъ нэгъэсауэ щыгъуазэ щIыным жыджэру волонтерхэри хэтщ.

Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу республикэм щыIэм мы Iуэхум и зэманым зыхуигъэхьэзыращ, абы зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэр иригъэджащ, зыхуеину технологие Iэмэпсымэ псори зэригъэпэщащ. Апхуэдэу иджыпсту зекIуэ хабзэ мардэхэр щIапщытыкIыжащ, зыхуэфащэ бюджет лимитхэр зэхуагъэхъуащ. Псори зэхэту мы Iуэхум сом меларди 8-м нэс текIуэдэнущи, сом меларди 7,6-р федеральнэ бюджетым къиутIыпщынущ, сом мелуан 400 хуэдиз республикэ бюджетым къыхагъэкIынущ.

**- Мы дэIэпыкъуныгъэм щыгугъ хъунур сыт хуэдэ унагъуэхэра?**

- ДэIэпыкъуныгъэ зратынухэм хэхуэнущ щIыналъэм щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм хуэдиз (ар КъБР-м иджыпсту сом 12540-рэ щохъу) зы цIыхум хуэзэу зыIэрымыхьэ унагъуэхэр, апхуэдэу хуэмыщIауэ къалъытэн папщIэ мылъкум и лъэныкъуэкIэ ягъэува мардэхэм къикIхэр. Апхуэдэу къалъытэ адэ-анэм ирахьэкI лэжьыгъэр (къалэжьыр, сабийхэр, зи ныбжьыр хэкIуэтахэр зэрызэрахьэр, нэгъуэщIхэри).

**- Псори зэхэплъхьэжмэ, унагъуэм иратыну дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизу щытынур зэлъытар сыт?**

- ДэIэпыкъуныгъэм и базовэ Iыхьэр щIыналъэм щыпсэун папщIэ сабийр нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и процент 50 (сом 7184-рэ) хъууэ къащтэ. Унагъуэм ис дэтхэнэ зыми къыIэрыхьэр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу цIыхур зыхуейм нэмысмэ, базовэ дэIэпыкъуныгъэр процент 75-м (сом 10776-м нагъэс. Ауэ ари хэту унагъуэм ис дэтхэнэ зыми къыIэрыхьэ хэхъуэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм нэмысамэ, дэIэпыкъуныгъэр ирикъуу, сом 14368-рэ хъууэ, ират.

**- ЛъэIу тхылъыр дэIэпыкъуныгъэр зыхуэфащэхэм дауэ зэратыр?**

- Апхуэдэ лъэIу тхылъхэр къэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ я портал зэгуэтым иралъхьэ, Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и клиент IуэхущIапIэхэм, апхуэдэу МФЦ-м и IуэхущIапIэхэм ират.

ДэIэпыкъуныгъэр цIыхухэм зэрыхуагъэувыр абыхэм я лъэIухэм япкъ иткIэщ. Апхуэдэ тхылъхэр езы Пенсэ фондым зэхуехьэсыжри, дэIэпыкъуныгъэхэр иратын папщIэ зыхуей адрей документхэр ведомствэ зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм ипкъ иткIэ зыхуэфащэ организацэхэм къаIex.

**- ЛъэIу тхылъхэм япкъ иткIэ ахъшэр яIэрыхьэн папщIэ сыт хуэдэ реквизитхэр иратхэн хуей?**

- ЛъэIу тхылъыр къызыбгъэдэкIам банкым щиIэ счетым и номерыр, кредит IуэхущIапIэм зэреджэр е кредит IуэхущIапIэм и БИК-р, корреспондент счетыр, лъэIур зытхам и счетым и номерыр. ЗыщывгъэгъупщэхъунукъымнэгъуэщI цIыхум и счетым мы ахъшэр зэрамыгъэхьэнур.

**- ЛъэIур щатхкIэ щыуагъэ яIэщIэкIамэ дауэ хъуну?**

- Пенсэ фондым а лъэIум къригъэгъэзэжынущ икIи дэтхэнэми и щыуагъэр игъэзэкIуэжу а тхылъыр лэжьэгъуэ махуитхум къриубыдэу егъэхьэжын хуейщ. А пIалъэм къриубыдэу тхылъыр имыгъэхьэжамэ, дэтхэнэми лъэIур щIэуэ етхыж.

**- Ахъшэ дэIэпыкъуныгъэ хуагъэуварэ хуамыгъэуварэ дауэ къызэращIэр?**

- ЛъэIур къэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ я порталым иралъхьамэ, абы къриkIуар а портал дыдэм иратхэжынущ. ЛъэIу тхылъыр Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и клиент IэнатIэм е МФЦ-м щрагъэтхамэ, ахъшэ дэIэпыкъуныгъэ зыхуагъэувахэм законым щыубзыхуа пIалъэм къриубыдэу хъыбар къырагъэщIэжынущ. ЛъэIу зытхар щхьэусыгъуэ гуэркIэ а дэIэпыкъуныгъэм хэмыхуамэ, абы щыгъуэми зы лэжьэгъуэ махуэм къриубыдэу жэуап кърατыжынущ и лъэIур щIыпхымыкIам и щхьэусыгъуэр иту.

ЦIыхухэм пщIэншэу правовой чэнджэщхэр кърατынущ, ахэр Урысейм и Пенсэ фондым щагъэува 8-800-600-00-00 телефонымкIэ, е Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм щылажьэ 8-800-600-01-84 телефонымкIэ псалъэмэ. Апхуэдэу упщIэхэм я жэуапхэр цIыхухэм щагъуэтынущ Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм «Вконтакте» социальнэ сетым щиIэ официальнэ напэкIуэцIым.

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 7,** ***гъубж***

✦ **Ерыскъыпхъэхэр шынагъуэншэу щытыным и дунейпсо махуэщ**

✦ **1946 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен.**

✦ **1952 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкIа, Тыркум щыщ тхакIуэ, Нобель саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьан.**

✦ **1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 8,** ***бэрэжьей***

✦ **Хыхэм я дунейпсо махуэщ**

✦ **Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ**

✦ **1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

✦ **1966 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

✦ **1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **МахуэлI Хъаджэт.**

✦ **I982 гъэм** къалъхуащ Эверест къуршым тIэунейрэ дэкIа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Хэдэ мэдакъуэри, хэпхъуэ Iыхьэфlэщ.**

